ÓZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI BILIMLENDIRIW ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI

BERDAQ ATÍNDAĞÍ QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI

«TASTIYIQLAYMAN»
QMU Rektori A.Reymov
_______________
2023- jıl "___" ________

# KÁSIPLIK (DÓRETIWSHILIK) IMTIXANLAR DÁSTURI HÁM BAHALAW KRITERIYASÍ

## "MILLIY SAZ-ÁSPABLAR ATQARÍWSHÍLÍĞÍ" PÁNI

60211500-Saz-áspab atqarıwshılığı: milliy saz áspablar
tálim bağdarı ushın

Nókis - 2023 jıl

**Dástúr Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti**
**Keńesiniń 2023-jıl ___-_____________ ___-sanlı májlis qararı menen tastıyıqlanǵan.**

**Dúziwshiler:**

| | |
|---|---|
| **S.Ayapov** | Berdaq atindaǵi Qaraqalpaq mámleketlik universiteti "Kórkem óner" fakulteti "Kórkem óner" kafedra baslıǵı docent |
| **N.Asqarov** | Berdaq atindaǵi Qaraqalpaq mámleketlik universiteti "Kórkem óner" fakulteti "Kórkem óner" kafedrası assistent, oqıtıwshısı |

**Pikir bildiriwshiler:**

| | |
|---|---|
| **Q. Záretdinov** | Ózbekistan Respublikası Kórkem-óner ǵayratkeri, professor |
| **A.Erejepov** | Nókis qalası 1-sanlı balalar muzıka hám kórkem óner mektebi direktorı Pedagogika ilimleri boyınsha falsafa doktorı (PhD) docent |

## Kirisiw

60211500 – Saz-ásbap atqarıwshılıǵı: (milliy saz-ásbaplar) tálim baǵdarları boyınsha “Qánigelik”ten 1-dóretiwshilik imtixan programması hám 2-dóretiwshilik pán “Muzıka ádebiyatı hám teoriyası" nan abituriyentlerdiń ámeliy-teoriyalıq kónlikpe hám ilmiy tájriybelerin anıqlaw ushın mólsherlengen. Bul tálim baǵdarı boyınsha hújjet tapsırǵan abituriyentler muzıkalıq dóretpe atqarıwı hám basqa ámeliy tapsırmalar boyınsha jumıs atqaradı. Atqarılatuǵın wazıypalar tastıyıqlanǵan kriterya tiykarında bahalanadı.

### “Qánigelik”ten dóretiwshilik imtixan maqseti hám wazıypaları

60211500 - Saz-ásbap atqarıwshılıǵı: (milliy saz-ásbaplar) tálim baǵdarları boyınsha dóretiwshilik imtixan programması abituriyentlerdiń ámeliy atqarıwshılıq kónlikpe hám ilmiy tájriybelerin anıqlaw maqsetinde ótkeriledi.

Abituriyentlerdiń ulıwma tayarlıq dárejesi, qábileti, talantı, bilimi, dúnyaǵa kóz qarası hám aqıl-ziyrekligi esapqa alınǵan halda normativ dásturdi ózlestiriw ústinde jumıs alıp barıladı.

“Milliy saz-ásbap atqarıwshılıgi” pánin ózlestiriwden kelip shıǵıp wazıypalar - abituriyentler hár túrli jónelislerde bilimlerge iye bolıwı ózleriniń atqarıw sheberligin kórsetiwlerinen ibarat bolıp esaplanadı. Ayrıqsha itibar professional dárejeli atqarıwshılıqtı tolıq jetilistiriwge, onı joqarı kórkem dárejede kórsetip beriwge qaratılıwı kerek. “Milliy saz-ásbap atqarıwshılıgi” páni maydanınan abituriyent dáwir talabına qaray dúnyaǵa kózqarası keń bolǵan, yaǵnıy insaniyat mádeniyatı, tariyxı, rawajlanıw basqıshları atap aytqanda, ádebiyat hám kórkem óner tarawında tereń pikirlew menen birge, bilim hám kónlikpelerge ıye bolıwı shárt.

### Abituriyent bilimine qoyılatuǵın talaplar

60211500 - Saz-ásbap atqarıwshılıǵı: (milliy saz-ásbaplar) tálim baǵdarı boyınsha oqıwǵa kirip atırǵan abituriyentlerdi saralaw maqsetinde klassta kirisiw talaplarına uyqas programmalardı atqarıp beriwi názerde tutılǵan.

Oqıwǵa kiretuǵın 30 minutqa shekem bolǵan waqıt dawamında atqarıw programması (hár túrli formadaǵı milliy muzıka shıǵarması, qaraqalpaq xalıq muzıkası, kompozitorlıq shıǵarması úlgileri) n atqarıp beriwi talap etiledi.

“Milliy saz-ásbaplar atqarıwshılıǵı” baǵdarı boyınsha oqıwǵa kiretuǵınlar tómendegi bólimlerden ibarat tańlawda imtixan tapsıradı:

1. Saz-áspabta atqarıwshılıq programması;
2. Muzıka ádebiyatı hám teoriyası páninen kásiplik-dóretiwshilik (awızeki) imtixan.

### 1. Saz-ásbapta atqarıwshılıq programması

60211500 - Saz-ásbap atqarıwshılıǵı: (milliy saz-ásbaplar) tálim baǵdarına arza tapsırǵan barlıq abituriyentler belgilengen dizim tiykarında, tayarlanǵan programma (hár túrli formadaǵı milliy muzıka shıǵarması, xalıq namalarınan úlgi, kompozitorlar dóretiwshiligine tiyisli shıǵarma) nı jeke tárizde hám de  koncertmeyster menen birgelikte atqarıwǵa ruxsat beriledi.

Abituriyent shıǵarmanı muzıkanı qátesiz, kórsetilgen boyınsha, atqarıw shtrixların durıs qollanǵan halda, dawıslardı sap formada kórsetip, pozitsiya hám applikaturalardı durıs milliy atqarıwshılıq bezewlerin qollanılıwı, dawıs kúshi jáne onı basqarıw, hám de onıń sapası zárúrli áhmiyetke iye boladı.

**Shama menen atqarıwshılıq programması tómendegilerden ibarat**

1. Milliy xalıq saz-áspablardan birin shertip atqarılatuǵın shıǵarmalar: Sy perde, Nalısh, Bes perde,Muxalles biri.

2. Xalıq namaları yaki kompozitorlar dóretiwshiligine tiyisli muzıkalıq shıǵarmalardan biri. Máselen: "Qarajorǵa", "Qaradáli", "Nar iydirgen", M.Jemuratov " Qaraqalpaq pesası", Ǵ.Demisinov "Nalısh", F.Nazarov "Doymiy harakat", hám basqalar.

**Dóretiwshilik imtixan abituriyent tárepinen atqarılatuǵın ámeliy jumıs tómendegi kriterya tiykarında bahalanadı:**

| № | Atqarıw talapları | Tolıq juwap ushın ball |
|---|---|---|
| 1. | Dóretpe tekstiniń tuwrılıǵı | 10,0 Ballǵa shekem |
| 2. | Dawıs sapası jáne onı basqarıw | 10,0 Ballǵa shekem |
| 3. | Applikaturanıń qollanıwı | 10,0 Ballǵa shekem |
| 4. | Saqna mádeniyatı | 6,0 Ballǵa shekem |
| 5. | Shıǵarmanı usılda durıs atqarılıwı | 10,0 Ballǵa shekem |
| 6. | Muzıkalıq ańlatpa qurallarınıń tuwrı qollanıwı | 10,0 Ballǵa shekem |
| 7. | Shtrix hám dinamikalıq belgilerdiń qollanıwı | 10,0 Ballǵa shekem |
| 8. | Intonaciya sap forması | 10,0 Ballǵa shekem |
| 9. | Dóretpe ózgesheligin ashıp beriliwi | 7,0 Ballǵa shekem |
| 10 | Shıǵarmanıń tuwrı tańlanıwı | 10,0 Ballǵa shekem |
| | **Jami:** | **93,0** |

**Atqarıw programması boyınsha toplaw múmkin boMgan maksimal ball -93 ball**

**2. "Muzıka ádebiyatı hám teoriya"**

**a) "Muzıka teoriyası"**

**Muzıka teoriyası páninen abituriyent bilimine qoyılatuǵın talaplar**

- muzıkalıq-teoriyalıq nızamlıqların biliw;
- teoriyalıq bilimlerdi ámeliyatda qóllanıw;
- teoriyalıq túsinikler tiykarında intervallar dúziw;

-berilgen interval hám akkordlardı anıqlaw hám tiyisli tonlıqlarǵa sheshiw;

- muzıkalıq -teoriyalıq tildiń barlıq strukturalıq bólimlerin biliw hám ámeliyatta qóllanıw;
- Muzıkalıq -teoriyalıq atamalardı biliw.

Abituriyent "Muzıka teoriyası" páninen oqıw programması sheńberinde tolıq bilimge iye bolǵan halda, awızeki tapsırmalardı qátesiz atqarǵanda, muzıkalıq - teoriyalıq nizamlıqlardı analiz islew, muzıkalıq-teoriyalıq hám ámeliy kónlikpelerin kórsetkende, sonıń menen birge, pán boyınsha bilimleri joqarı kórkem dárejede bahalanadı.

**Muzıka teoriyası páninen kásiplik (dóretiwshilik) imtixanda abituriyent tárepinen orınlanǵan jumıs tómendegi kriterya tiykarında bahalanadı:**

**AWÍZEKI:**

**BAHALAW KRITERIYASÍ:**

| № | Sorawlar mazmunı | Tolıq juwap ushın ball |
|---|---|---|
| 1. | Berilgen dawıstan major, minor ladlarınıń úsh túri hám xalıq ladların dúziw | 10,0 Ballǵa shekem |
| 2. | Berilgen dawıstan kórsetilgen diatonik hám xromatik intervallardı dúziw, olardı tonlıǵın anıqlaw hám sheshiw | 10,0 Ballǵa shekem |
| 3. | Berilgen dawıstan kórsetilgen interval, akkordlardı dúziw hám olardı tonallıǵın anıqlaw hám sheshiw | 13,0 Ballǵa shekem |
| | **Jámi:** | **33,0** |

**"Muzıka teoriyasi" boyınsha abituriyentlerdiń toplawı múmkin bolǵan maksimal ball - 33, 0 ball.**

**b) "Muzıka ádebiyatı"**

Kollokvium formasındaǵı sáwbetten abituriyenttiń "Muzıka ádebiyati"páninen jáhán, rus, ózbek, qaraqalpaq muzıka tariyxına tiyisli sorawlarǵa juwap beriwi, tapsırǵan baǵdarı tariyxı haqqında bilim dárejesi qanday ekenligi bilip alınadı. Awızeki túrde sorawlar mazmun-mánisin ashıp beriw talap etiledi.

**BAHALAW KRITERIYASÍ**

| | Sorawlar mazmunı | Tolıq juwap ushın ball |
|---|---|---|
| | Qaraqalpaq muzıka ádebiyatınan sorawlarǵa juwap | 15,0 Ballǵa shekem |
| | Ózbek muzıka ádebiyatınan sorawlarǵa juwap | 7,5 Ballǵa shekem |
| | Rus, Shet el muzıka ádebiyatınan sorawlarǵa juwap | 7,5 Ballǵa shekem |
| | **Jámi:** | **30,0** |

**"Muzıka ádebiyati" boyınsha toplaw múmkin bolǵan maksimal ball - 30, 0 ball.**

**Usı tálim baǵdarında kásiplik-dóretiwshilik (awız eki) imtixanlarǵa jámi qoyılatuǵın maksimal ball - 156, 0 ball.**

**Kásiplik- dóretiwshilik (awız eki) imtixanlardı ótkeriw tártibi**

60211500 - Saz-ásbap atqarıwshılıǵı: (milliy saz-ásbaplar) tálim baǵdarına hújjet tapsırǵan abituriyent keste tiykarında belgilengen kúnlerde hám tártipte 1 akademikalıq saat

waqıt dawamında “Milliy saz-ásbaplar atqarıwshılıgi” páninen dóretiwshilik imtixan tapsıradı. Imtixanlar jeke tártipte Qabıl komissiyası tárepinen belgilengen auditoriyalarda ótkeriledi.

Dóretiwshilik jumıstı qabıl etetuǵın komissiya abituriyentten atqarıw programması, boyınsha imtixandı qabıl etip aladı.

Qánigelik páninen dóretiwshilik imtixanlarda qatnaspaǵan abituriyentler keyingi sınaqlarǵa kiritilmeydi.

## Apellatciya tártibi

Abituriyentler tárepinen kásiplik (dóretiwshilik) imtixan nátiyjeleri boyınsha universitet qabıl komissiyasınıń apellatsiyalar menen islew komissiyaına nátiyjeler daǵaza etilgen kúnnen baslap 24 saat dawamında apellatciyaǵa beriw múmkin.

Apellatciya mazmunı tek jeke óziniń ballarınan bolsa qabıl etiledi, basqa abituriyentler haqqında jazılǵan shaǵım arzaları qabıl etilmeydi.